

# FEMA Ankouraje Preparasyon Anvan Sistèm Twopikal la

---

Release Date: September 14, 2022

WASHINGTON -- ap siveye yon gwo zòn presyon ba ki sitiye apeprè 800 mil nan lès Lesser Antilles. Malgre ke kondisyon yo se sèlman majinal kondiktif, kèk devlopman adisyonèl nan sistèm sa a posib ak yon depresyon twopikal ka fòme pandan de pwochen jou yo.

Yo ankouraje rezidan Zile Vyèj ak Pòtoriko pou yo pran mezi sa yo pou yo kòmanse prepare depi kounye a:

- Gen plizyè fason pou resevwa alèt ak avètisman ijans. [Telechaje aplikasyon FEMA ki te ajou pa twò lontan de sa](#), disponib alafwa nan lang Angle ak Panyòl, kidonk ou ka resevwa alèt an tan reyèl nan Sèvis Meteyolojik Nasyonal.
- Ranpli nouvo fòm "[Fè yon plan](#)" sou Entènèt [Ready.gov](#) pou ranpli tout enfòmasyon ijans enpòtan ou yo nan yon dosye dijital. Pataje dokiman sa a ak fanmi w pou yo konnen sa pou yo fè nan ka yon ijans.
- Siveye nouvel lokal ou yo pou jwenn mizajou epi swiv enstriksyon ofisyèl lokal yo bay yo.
- Pran yon titan jodia pou vizite [Ready.gov](#) oswa [Listo.gov](#) pou aprann kijan ou ka kenbe tèt ou, fanmi w ak bèt domestik ou yo ansekirite.



FEMA

Page 1 of 1